Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ 14 MILYON DOLA POU NOUVO PWOJÈ KOMINOTE

Pi gwo kantite finansman ki disponib pou ede minisipalite yo adopte enfrastrikti vèt, rediksyon gaz ki lakòz efè sè, ak inisyativ rezistans kont tanpèt

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon rekò 14 milyon dola ki disponib kounye a pou pwogram Sibvansyon pou Kominote ki Entelijan sou Plan Klimatik (Climate Smart Communities Grant) pou ede minisipalite yo pran mezi pou adrese chanjman klimatik la. Finansman disponib pou pwojè ki redui emisyon gaz ki lakòz efè sè epi ki adapte ak enpak chanjman klimatik kontinyèl yo, tankou diminye risk inondasyon, ogmante rezistans natirèl, ak relokalize oswa modènize enfrastrikti enpòtan yo.

"Soti nan siklòn tankou Sandy ak Ida, jiska sèt pye nèj nan Buffalo, nou wè tanperati nou an kontinye ap grandi pi ekstrèm chak ane, epi li enpòtan pou nou sipòte efò lokal yo nan pwoteje kominote yo kont efè chanjman klimatik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman dosye sa a pral ede ekipe gouvènman lokal yo pou yo pran mezi radikal pou reponn ak defi ke chanjman klima nou an lakòz, epi ede atenn objektif anbisye yo pandan y ap etabli yon egzanp pou lòt minisipalite yo swiv. New York pral kontinye sipòte inisyativ enpòtan ki pral fè yon diferans nan lavi Nouyòkè yo pandan y ap kontribiye nan efò klimatik ki pi enpòtan nan eta nou an."

Etabli an 2016, Pwogram Sibvansyon pou Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la se yon pwogram kontrpati 50/50. Envestisman Eta a ap fè nan machin ak enfrastrikti ki pa emèt gaz (Zero-Emission Vehicles, ZEV) pral kore objektif Gouvènè a nan kad transpò pwòp ak chanjman klimatik paske y ap diminye emisyon gaz toksik. Li sipòte minisipalite k ap chèche vin sètifye Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik epi mete ann aplikasyon pwojè ki fè avanse objektif chanjman klimatik Eta a lè yo diminye emisyon gaz lakòz efè sè, diminye risk inondasyon, epi ede prepare pou move tan. Pwogram nan sipòte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, ki egzije New York redwi emisyon gaz efè sè a 85 pousan anba nivo 1990 yo apati 2050. Depi kòmansman pwogram nan, DEC te bay minisipalite yo plis pase 50 milyon dola pou sipòte pwojè adaptasyon ak mitigasyon klimatik lokal yo. Gen plis enfòmasyon sou pwogram sibvansyon an ki disponib sou sitwèb DEC la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Pwogram Kominote Entelijan sou plan Klimatik la fè siksè te ede anpil minisipalite atravè eta a fè pati pa yo pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak konbat enpak danjere chanjman klimatik yo. Montan adisyonèl epi ki pi wo ke yo te janm ofri sa a, ede konstwi sou angajman pwofon Gouvènè Hochul pran pou l bay resous ke kominote yo bezwen pou adopte divès inisyativ klimatik pandan y ap kontinye inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif New York la nan nasyon an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Konstwi yon New York ki pi an sante e ki pi rezistan kòmanse ak aksyon nan nivo lokal, epi nou kontan wè pwogram Sibvansyon pou Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik la elaji. Kominote yo atravè eta nou an te montre angajman solid pou diminye enpak chanjman klimatik yo, epi finansman adisyonèl sa pral pèmèt plis lokalite patisipe pandan n ap travay ansanm pou etabli avni vèt nou an."

Gen jiska 12 milyon dola ki disponib pou sibvansyon ant 50,000 dola a 2 milyon dola pou aplikasyon pwojè ki kapab genyen:

- Rediksyon kantite kilomèt veyikil vwayaje (vehicle miles traveled, VMT);
- Rediksyon dechè alimantè
- Redui emisyon idwofliyorokabòn ki soti nan refrijerasyon ak lòt ekipman refwadisman;
- Ogmante rezistans natirèl atravè restorasyon oswa prezèvasyon marekaj ak plèn inondasyon yo;
- Diminye risk inondasyon alavni, ki gen ladan nan demenajman oswa modènize enfrastrikti enpòtan yo; epi
- Prepare pou evènman kondisyon meteyowolojik ekstrèm yo

Anplis de sa, gen jiska 2 milyon dola ki disponib pou sibvansyon sètifia ant 10,000 dola ak 200,000 dola pou pwojè planifikasyon, envantè, ak evalyasyon ki an akò ak 19 aksyon pou Sètifika Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik espesifik yo nan domèn diminisyon gaz ki lakoz efè sè, adaptasyon klimatik ak itilizasyon tè.

Delè pou aplikasyon yo se 29 jiyè 2022 a 4 p.m. Pou aplike pou dènye seri sibvansyon sa a, vizite Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) Eta New York la, ki disponib sou entènèt: https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/

Sibvansyon sa yo fè pati yon pi gwo pwogram pou sipòte angajman kominote a nan aksyon klimatik lokal yo. Kounye a genyen 356 Kominote ki Entelijan sou lan Klimatik ki anrejistre, ki reprezante plis pase 9.4 milyon Nouyòkè. Pou yo deziyen yon kominote ki anrejistre, minisipalite yo pran angajman pou yo aji sou chanjman klimatik lè yo adopte yon rezolisyon fòmèl ki gen ladann yon pwomès 10 pwen. Depi 2014, plis pase 90 minisipalite te konplete pwosesis revizyon solid pou yo deziyen kòm Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik Kominote sètifye sa yo te ale odela pwomès la pou konplete

ak dokimante yon seri aksyon ki diminye ak adapte ak chanjman klimatik la nan nivo lokal. Plis enfòmasyon sou pwogram sètifika disponib sou entènèt: https://climatesmart.ny.gov/

Nan yon evènman ki te fèt jodi a nan Saugerties, yon Kominote Entelijan sou plan Klimatik sètifye an bwonz, Komisè DEC la Seggos te selebre atribisyon finansman pou yon pwojè inovan an 2021 ki te premye itilizasyon sibvansyon an pou sipòte itilizasyon altènatif a refrijeran komen ki puisan an tèm gaz ki lakòz efè sè. DEC te bay plis pase 269,000 dola pou ede vil la ranplase yon refwadisè demode nan Kiwanis Ice Arena pa yon nouvo refwadisè ki pi efikas ki sèvi ak yon refrijeran ki baze sou amonyak ki pral lakòz yon rediksyon anyèl plis pase 5,000 tòn metrik ekivalan an dyoksid kabonik. Komisè Seggos te vizite sit la jodi a anvan dènye odyans piblik k ap fèt aswè a nan Peekskill ki se odyans Konsèy Aksyon Klima Eta New York la pou aprann sou diferan fason Eta New York ap enkòpore rediksyon emisyon gaz ki lakoz efè sè ak rezistans klimatik nan pwojè yo.

Fon Pwoteksyon Anviwonman (Environmental Protection Fund, EPF) Eta ap sipòte pwogram finansman Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik yo. Pami anpil viktwa anviwònmantal yo nan Bidjè Eta 2022-23, Gouvènè Hochul te gen siksè nan adopte yon ogmantasyon nan EPF la soti 300 pou pase nan 400 milyon dola, pi wo nivo finansman nan istwa pwogram nan epi li gen ladan yon ogmantasyon 4.7 milyon dola pou pwojè Kominote ki Entelijan sou plan Klimatik yo pou yon total 15 milyon dola. EPF la sipòte efò pou diminisyon ak adaptasyon chanjman klimatik yo, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la
Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la.

Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035.

Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418